



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SELEKSYON MANB EKIP TRAVAY POU ELIMINASYON EPATIT C

Ekip Travay pou Konseye Eta a siou Plan pou Elimine Epatit C

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse manb yo chwazi yo pou antre nan Ekip Travay ki pral konseye eta a sou Plan Eliminasyon Epatit C (Hepatitis C Elimination Plan). Kreyasyon Ekip Travay la se pwochen etap pou finalize Plan Eliminasyon ak konstwi sou rekòmandasyon yo te prezante bay moun ki enplike nan kominote a nan Somè sou Eliminasyon Epatit C Eta New York an 2017.

“Manb yo te chwazi pou ekip travay sa a twouve yo pami pi bon nan domèn yo, epi eksperyans eksepsyonèl yo pral ba nou enfòmasyon nou bezwen pou devlope yon plan eliminasyon ki reyalizab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Non sèlman plan estratejik sa a pral amelyore kalite lavi pou sila yo ki genyen Epatit C, men tou asire ke moun New York genyen sipò ak resous yo bezwen pou bloke maladi sa a.”

“Apwòch global nou pou elimine Epatit C pral ede nou sove lavi ak pou lapè nan lespri plizyè milyon moun New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Tankou anpil lòt pwoblèm, New York antèt nan nasyon an, epi ap devlope yon nou vo apwòch pou konbat maladi mòtèl sa a. Ekip travay la pral reyini ansanm sila ki pi bon ak pi entèlijan yo pou konsantre sou solisyon kreyatif, k ap ede amelyore sante moun New York epi asire ke Epatit C tounen yon pwoblèm pase.”

Travay Ekip Travay la ap jwenn ranfòsman senk gwoup travay: Prevansyon; Depistaj ak Koneksyon ak Swen; Swen ak Tretman; Siveyans, Done ak Mezi; Detèminasyon. Manb Ekip Travay ak gwoup travay yo gen ladan yo reprezantan òganizasyon ki baze nan kominote a, moun ki genyen oswa ke epatit C afekte, founisè swen sante, kontribiyab, ekspè sante piblik, chèchè, espesyalis rediksyon mefè ak founisè sèvis sosyal.

An Mas, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) angajman Eta New York pou elimine epatit C kote l ap ogmante aksè ak sant depistaj, tretman ak edikasyon yon fason pou konekte moun New York ki nan kominote gwo risk yo ak sèvis ki disponib yo. An Jiyè, Gouvènè a te soulinye [strateji li](#) pou eliminasyon epatit C, ki genyen ladann alokasyon 5 milyon dola pou sèvis epatit C, tankou edikasyon; navigasyon pasyan; pwogram swen ak tretman nan anviwònman rediksyon mefè; retire baryè asirans; ogmantasyon kapasite tretman

epatit C; ranbousman Medicaid pou sèvis rediksyon mefè; ak ekspansyon aksè echanj sereng.

Plis pase 100,000 moun New York ap viv ak Epatit C—yon maladi fwa ke viris epatit C lakoz—epi pifò ladan yo pa konnen si yo genyen li. Twa sou chak kat nan jenerasyon ki te fèt apre dezyèm gè mondyal ap viv ak epatit C. Epatit C pwopaje nan kontak san ak san, kote faktè risk pou epatit C ki pi wo se enjekasyon dwòg. Pandan dènye deseni a, te gen yon chanjman nan ka distribisyon epatit C, ak yon ogmantasyon klè pami moun ki pi jèn ki gen laj 20 a 40 an, ke epidemi opioid la te alimante an pati.

Lè li rete san tretman, Epatit C ka lakoz siwoz ak ensifizans epatik, sa ki ka debouche sou transplantasyon fwa, kansè fwa oswa lanmò. Nouvo tretman ki disponib yo ka geri prèske pifò pasyan nan sèlman 12 semèn. Ogmantasyon sèvis rediksyon doulè, ki devlope nan plan Gouvènè a, pral ede kanpe transmisyon epatit C pami moun k ap enjekte dwòg yo.

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare: “Gras ak Gouvènè Cuomo, nou gen chans ke nou ka reyini ansanm yon gwoup ekspè devwe konsa pou travay pou fini epidemi epatit C a. Ekip Travay sa a pral pote enfòmasyon san parèy ak direksyon nan pwosesis la epi pi byen ede sante plizyè mil moun New York”.

Ekip Travay Eliminasyon Epatit C Gouvènè a pral pouswiv inisyativ sa yo sou pwochen ane a epi rankontre fòmèlman pou fè aksyon yo avanse. Yo nan pwosesis pwograme reyinyon yo kounye a epi reyinyon sa yo pral ouvè pou piblik la.

Ekip Travay la pral genyen manb ki vini annapre yo ladann:

- Brad Hutton, Asistan Komisè pou Sante Piblik, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health), Ko-Prezidan Gouvènmanal
- Christine Kerr, MD, Ko-Prezidan Kominotè Hudson River Health Care
- Gale Burstein, MD, Depatman Sante Konte Erie
- David Bernstein, Northwell Health
- Ann Winters, MD, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) Vil New York.
- Annette Gaudino, Treatment Action Group
- Daniel Raymond, Harm Reduction Coalition
- Jack Beck, Correctional Association of New York
- Peter Hill, Native American Community Services of Erie and Niagara Counties, Inc.
- Terry Leach, PharmD, Amida Care
- Clifton Garmon, VOCAL-NY
- Ronni Marks, Hepatitis C Mentor and Support Group
- Gloria Searson, ACSW, COPE
- Denis Nash, PhD, MPH, CUNY Institute for Implementation Science in Population Health (Enstiti pou Syans Aplike nan Sante Popilasyon CUNY)
- Charles King, Housing Works
- Terri Wilder, Mt. Sinai Institute for Advanced Medicine
- Don Des Jarlais, PhD, New York University
- John Barry, Southern Tier AIDS Program

- Luis Scaccabarozzi, Latino Commission on AIDS
- C. Virginia Fields, National Black Leadership Commission on AIDS
- Eli Camhi, LMSW, Generative Resources, LLC
- Matthew Akiyama, MD, MSc, Montefiore Medical Center/Albert Einstein College of Medicine
- Jeffrey Weiss, PhD, MS, Icahn School of Medicine at Mt. Sinai
- David Holtgrave, PhD, SUNY School of Public Health
- Raymond Ganoë, Evergreen Health Services
- Ashely Zuppelli, PharmD, Trillium Health
- Andrew Talal, MD, MPH, University of Buffalo
- Jacquelyn Kilmer, Harlem United

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)